

# Swen Sante nan Massachusetts: Enfòmasyon Enpòtan pou Premye Mwa w Yo

Byenvini nan Massachusetts! Gid sa a gen enfòmasyon itil sou swen medikal ak èd ou ka resevwa.

## Sijasyon Itil Enpòtan



**Fè 911** sou telefòn mobil ou oswa sou telefòn fiks ou si w gen yon ijans medikal. Yon ijans medikal se yon blesi oswa yon maladi grav ki se yon danje imedyata pou lavi oswa sante yon moun alontèm.



Nan Massachusetts, dlo tiyo/wobinè yo bon pou bwè. Ou pa bezwen bouyi dlo oswa achte boutèy dlo.



Pou w rete ansante, lave men w souvan.

## Sekirite ak Vyolans Domestik



Massachusetts gen resous pou moun ki pa santi yo an sekirite nan relasyon yo oswa kote yo rete a.

Ou ka jwenn èd **NENPÒT LÈ** (24 èdtan pa jou, 7 jou pa semèn) lè w rele Domestic Violence Safelink gratis nan 877-785-2020.

Gen èd ki disponib nan plis pase 130 lang ki gen ladan Espanyòl ak Kreyòl Ayisyen.


## Resous pou Sante Konpòtmantal

Sante konpòtmantal gen ladan l emosyon ak konpòtman ki afekte tout byennèt ou. Pafwa yo rele sante konpòtmantal sante mantal epi li ka gen ladan l konsomasyon alkòl ak dwòg. Egzanp sèvis sante konpòtmantal yo se konsèy endividyèl oswa pa gwoup, gwoup soutyen, preskripsyon medikaman epi, nan ka kriz ki grav yo, sa ka se ospitalizasyon. Yo ka bay sèvis yo nan plizyè fason diferan, tankou sèvis anpèsòn, nan telefòn oswa pa videyo.

Si w gen yon bezwen sante konpòtmantal ijan, genyen resous ki la pou ede w:

		<b>Ekip Sèvis Ijans Boston (BEST)</b>	<b>NIMEWO ÈD POU SANTE KONPÒTMANTAL MASSACHUSETTS</b>	<b>Sant Sante Konpòtmantal Kominotè</b>
<b>Kijan mwen ka jwenn Sèvis pou Sante Mantal ak Toksikomani?</b>	 Rele/Ekri 988	 Rele 1-800-981-4357(ÈD)  Chwazi Asirans Sèlman	 Rele/Ekri 833-773-2445	 Jwenn yon sant ki tou prè w <a href="https://www.mass.gov/community-behavioral-health-centers">mass.gov/community-behavioral-health-centers</a>  Chwazi Asirans Sèlman
Tout Disponib 24/7 Tout Disponib nan Tout Eta a Tout Ofri Sèvis nan Plizyè Lang				
<b>Gen Tretman Anpèsòn ki Disponib</b>				

## Ki Kote Mwen Dwe Ale Pou m Jwenn Swen?

			
	<b>Sal Dijans (ER)/ Depatman Dijans (ED)</b> Maladi/blesi grav oswa ki met lavi an danje	<b>Swen Dijans</b> Kondisyon lejè/egi, pa ka wè doktè prensipal la <i>Fè swivi avèk founisè a aprè</i>	<b>Swen prensipal (Pratisyen Jeneral/Medsin Entèn)</b> Kondisyon lejè, swen woutin/prevantif
<b>Sentòm</b> Kijan mwen santi m? * *egzanp sèlman, se pa yon lis konplè	<ul style="list-style-type: none"> <li>Anbakè fè mal/pa ka respire</li> <li>Blesi grav oswa zo ki kase/dejwente</li> <li>Ou gen tranche</li> <li>Blesi nan tèt oswa nan je</li> <li>Feblès/angoudisman oswa twoub lapawòl</li> <li>Bay anpil san oswa vomi/touse san</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Antòs/Foule</li> <li>Ti blesi (ti fann, mòde, brile)</li> <li>Emoraji kontwole</li> <li>Gòj fè mal</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Grip ak Rim</li> <li>Pwoblèm lestomak</li> <li>Pwoblèm po</li> <li>Vaksen/Tès sante</li> <li>Ti lafyèv kay timoun ak granmoun</li> </ul>
<b>Sèvis yo Ofri</b> Ki tip de swen mwen ka resevwa?	<ul style="list-style-type: none"> <li>Operasyon an ijans (si nesèsè)</li> <li>Medikaman</li> <li>Imaj (tankou Radyografi)</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Medikaman</li> <li>Analiz san</li> <li>Ka rekòmande ER si sa grav</li> <li>Ka mande imaj</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Vaksinasyon oswa analiz san</li> <li>Konsiltasyon rapid</li> <li>Preskripsyon</li> <li>Referans pou swen espesyal oswa imaj</li> </ul>
<b>Orè</b>	Ouvri 24 èdtan pa jou, chak jou	Chak jou, orè yo varye selon lokal la	Lasemèn, jeneralman 9-5 (sou randevou sèlman)

## Yo Gid pou Vizit Medikal

- Si se premye fwa ou vizite yon founisè medikal, vini inèdtan avan lè randevou w la pou w ranpli papye ki enpòtan epi enskri kòm pasyan. Yo pral mande w pou w bay yon nimewo telefòn pou klinik la ka kontakte w pou raple w randevou w yo ak pou rezilta tès yo.
- Rele pou w anile randevou w la davans ak repwograme l pou yon lòt jou.
- Pou tout vizit aprè premye vizit ou a, nou rekòmande pou w rive 30 minit avan lè randevou w la.
- Sonje pou w pote kat asirans ou a nan chak vizit yo (si w deja resevwa l). Ou ka wè yon imaj ki montre kijan kat la ye nan dènye paj dokiman sa a.
- Se dwa w pou w mande yon entèprèt; plizyè lokal, ak sal dijans, gen obligasyon pou bay yo. Yon entèprèt ki bon nan anglè ak nan lang ou prefere a epi ki pran fòmasyon nan domèn medikal pou asire ni ou menm ni founisè w la resevwa enfòmasyon ki kòrèk yo.
- Si w pa santi w byen, tanpri mete yon mas. Ka genyen ki disponib kote ou ale pran swen an.
- Pandan vizit ou a yo ka poze w kesyon sou:
  - Nenpòt maladi ki grav manm nan fanmi w yo te genyen nan tan pase (pa egzanp, maladi kè, sik ak kansè)
  - nenpòt alèji ou genyen
  - ospitalizasyon nan pase
  - swen medikal ou te resevwa, tankou, tès laboratwa, tès medikal ak vaksin (yo rele tou iminizasyon)
- Lalwa mande pou founisè medikal ou yo pwoteje enfòmasyon ki pataje an prive epi li pa ba yo pèmasyon pou yo pataje enfòmasyon medikal prive ou avèk lòt moun. Yo pa pataje enfòmasyon sante bay otorite imigrasyon ni bay okenn lòt moun sèlman si lalwa mande pou yo fè sa.

## Medikaman Granmoun / Swen Prensipal

- Jeneralman yo dezinye yon founisè swen prensipal nan asirans ou a. Se premye kote ou dwe ale pou tout pwoblèm medikal ki pa prezante yon menas pou lavi w. Vizite founisè swen prensipal ou a ka ede w fè prevansyon kont maladi k ap devlope oswa ki vin pi mal.
- Founisè swen prensipal ou a ka: fè egzamen anyèl, mande tès ak bay vaksen, ak preskri medikman ak planin. Si w gen yon kondisyon kwonik tankou sik, tansyon wo, oswa opresyon, yo ka ede w jwenn lòt founisè, yo rele espesyalis, pou tretman.
- Founisè swen prensipal ou a, byen souvan, se premye moun ou kontakte pou swen medikal ou, menm si se jis yon apèl telefonik pou jwenn konsèy sou sa w dwe fè.

## OBJIN ak Sante Fanm

- Yon OBJIN se yon doktè ki espesyalize nan gwosès ak akouchman ak nan swen sante fanm. Swen sante fanm gen ladan pwoblèm règ, enfeksyon moun pran nan fè sèks ak planin familyal.
- Si w ansent, w ap wè yon OBJIN oswa yon fanm saj regilyèman pou w asire w ou menm ak tibebe w la ki nan vant ou a rete ansante. Doktè w la ka mande tès pou idantifye pwoblèm sante potansyèl (sa rele tès prenatal). Yon verifikasyon aprè ou fin fè yon bebe se yon pati enpòtan nan kad swen medikal ou.
- Planin familyal se deside konbyen timoun ou chwazi genyen ak kilè ou vle genyen yo (lè gwosès ak espas pou timoun lan fèt). Ou ka mande nenpòt founisè swen prensipal oswa founisè OBJIN pou konekte ak soutyen pou planin familyal ak kontrasepsyon, sèvis swen pou gwosès, pou akouchman ak pou aprè akouchman ak pou avòtman.

## Pedyat/Medsin Familyal

- Gen kèk founisè medikal ki ka pran swen tout fanmi an, kèlkeswa laj yo. Yo rele sa founisè Medsin Familyal. Founisè Medsin Familyal yo se yon tip founisè swen prensipal.
- Pedyat yo bay swen pou tibebe ak timoun soti depi lè yo fèt rive 18 lane, ansanm ak egzamen medikal timoun ka bezwen pou lekòl. Pedyat la se yon tip founisè swen prensipal.

## Medikman

- Gen de tip medikaman:
  - San preskripsyon: Se medikaman ou ka achte nan yon famasi san yon preskripsyon. Ki ka medikman pou grip tankou acetaminophen (Tylenol) ak Ibuprofen (Advil).
  - Preskripsyon: Se medikaman ki mande yon preskripsyon nan men yon founisè medikal, tankou antibyotik.
- Si w enskri nan MassHealth, yo ka peye pou kèk oswa pou tout medikaman yo (kouvri). Toujou mande famasyon an pri medikaman yo.
- Fin pran medikaman yo jan founisè w la te preskri w yo epi pa pran okenn lòt medikaman sof si ou verifye sa avèk founisè swen medikal ou a avan.
- Pa pataje medikman yo preskri w yo bay lòt moun epi pa voye preskripsyon ou pa itilize yo jete.

## Vaksen

- Vaksen se yon fason enpòtan pou pwoteje sante w, sante fanmi w ak sante lòt moun ki nan kominote w yo.
- Byenke lekòl piblik Massachusetts yo egzije vaksen, yo pa anpeche timoun k ap viv nan otèl ak lòt kote pou yon ti tan yo antre nan lekòl sa yo si yo pa genyen dosye vaksinasyon konplè.
- Si timoun ou an te deja resevwa yon kat vaksen/dosye vaksen, vini avèk yo lè w ap enskri timoun ou an lekòl la.
- Gen kèk vaksen yo bay pa sezon, tankou vaksen grip pandan otòn.



## Peye pou Swen sante

Lè w rive nan Massachusetts, ou ka kalifye pou pwogram tankou asirans sante ak èd pou manje. Yo ankouraje chak moun aplike, kèlkeswa kondisyon imigrasyon w. Mande moun k ap travay sou dosye w la ak/oswa anplwaye soutyen ki nan abri pwovizwa w ye a si w poko enskri.

Si w poko resevwa kat asirans ou an oswa ou te enskri nan MassHealth, poze moun k ap travay sou dosye w la oswa anplwaye soutyen ki nan abri pwovizwa w ye a kesyon sou pwochen etap yo.

Nimewo Èd Health Care For ALL la ka ede w jwenn oswa ka ede w konprann avantaj asirans sante w. Rele **1-800-272-4232** (Espanyòl, Pòtigè ak Kreyòl Ayisyen disponib).

### Asirans Maladi

Asirans maladi yo ka peye pou sèvis swen sante enpòtan tankou vizit swen medikal, lè w bezwen ale lopital, medikaman ak plis toujou. Li ka ede w avèk tranpò pou w ale nan randevou medikal ou yo tou. Ou ka kalifye pou yon tip asirans maladi ki rele Masshealth. Chak manm fanmi ki gen MassHealth pral resevwa pwòp kat yo k ap gen yon Nimewo Idantifikasyon Inik Manm. Klinik doktè yo ak lopital yo pral itilize nimewo sa yo pou fè MassHealth peye pou nenpòt swen ak sèvis ou resevwa.

Anba a gen yon egzanz Kat MassHealth:



### Manje pou Fanm Ansent ak Timoun

Pwogram WIC (Fanm, Tibebe ak Timoun) lan bay fanmi ki pa rantrè anpil kòb yo tankou fanmi ki ansent ak/oswa timoun ki gen laj senk lane e pi piti kupon pou resevwa manje ki bon pou lasante. Ou ka itilize WIC pou achte manje tankou lèt, fwomaj, ze, pwason ton, sereyal ki gen fè, manba, lèt pou timoun, kawòt, pwa ak ji ki gen anpil vitamin C.


Pou w aplike pou WIC, mande moun k ap travay sou dosye w la oswa rele **1-800-942-1007** pou w pran yon randevou anpèsòn.

Anba a genyen yon egzanz yon Kat WIC:



### Èd Manje ak Lajan pou Fanmi yo

Massachusetts Department of Transitional Assistance (DTA) bay avantaj ak èd pou manje (yo rele SNAP). Rele Nimewo Èd DTA a nan **877-382-2363** pou ede w avèk enskripsyon w lan. Liy lan ouvri soti 8:15 am rive 4:45 pm epi gen èd ki disponib an Kreyòl Ayisyen, Espanyòl ak lòt lang. Anba a genyen modèl kat DTA a bay yo.



Se Beth Israel Lahey Health (BILH) ki bay enfòmasyon ki anlè yo nan objektif pou bay enfòmasyon sèlman epi yo pa gen konsèy medikal. Yo pa bay yo nan entansyon pou ranplase konsèy medikal pèsònalize yo oswa pou ranplase okenn konsèy medikal founisè swen sante w la ba ou dirèkteman. BILH pa pran okenn responsablite pou enfòmasyon li ba yo.